

# Yon Gid sou Òganizasyon Kominotè pou Imigran yo

Haitian Creole

## Mesaj sa a se yon Mesaj ki soti nan Biwo Edikasyon Bileng ak Lang Mondyal (Office of Bilingual Education and World Languages) nan Depatman Edikasyon Leta New York.

Lè yon kominote gen paran, responsab legal ak lòt moun ki jwe yon wòl parantal ki enfòme e ki otonòm se bagay ki kritik pou asire Aprenan Plizyè Lang (Multilingual Learners, MLL yo)/ Aprenan Lang Angle yo (English Language Learners, ELL yo) resevwa bonjan sipò yo bezwen an e pou yo pwospere. Biwo Edikasyon Bileng ak Lang Mondyal (OBEWL) nan Depatman Edikasyon Leta New York la kreye

ki bay yon lis òganizasyon ki toupatou nan Leta New York. Chak òganizasyon sa yo ofri yon

- Yo kreye liy asistans telefonik sa a pou bay paran, responsab legal ak lòt moun ki jwe wòl paran pou timoun MLL yo/ELL yo, enfòmasyon sou dwa yo ak sou sèvis ki disponib pou pitit yo, konfòmeman ak Règleman Komisyonè 154 (Commissioner’s Regulation 154). Epitou li gen yon sistèm ladann pou reponn kesyon byen presi sou fason yo bay sèvis sa yo. **Nimewo telefòn nan:** (800) 469-8224 https://steinhardt.nyu.edu/metrocenter/ellparenthotline
- - Gid sa yo bay yon esplikasyon sou 2 nan tès evalyasyon ki evalye nivo/ konpetans nan lang Angle pou elèv ke Angle se pa lang manman yo oswa se pa lang yo pale lakay yo. Yo tradui gid yo nan venn-de lang. http://www.nysed.gov/bilingual-ed/nysitell-and-nyseslat-parent-guides
- **Videyo Oryantasyon pou Paran: Pwogram pou Aprenan Plizyè Lang/Aprenan Lang Angle nan Leta New York, disponib nan 10 lang**- Videyo ki fèt ak desen anime sou fon blan sa a dekri metòd yo itilize pou idantifye ak evalye MLL/ELL yo; lèfini li dekri an detay plizyè opsyon pwogram ki disponib. Epitou videyo a dekri diferans ki genyen ant pwogram Angle kòm yon Nouvo Lang (English as a New Language) ak divès modèl pwogram Edikasyon Bileng (Bilingual Education) yo. http://www.nysed.gov/bilingual-ed/parent-orientation-video-english-language-learner-ell-programs-new-york-state.
  Tèks Naratif Videyo a disponib tou nan 9 lòt lang. http://www.nysed.gov/bilingual-ed/parent-orientation-video-english-language-learner-ell-programs-new-york-state
- Yon Gid Pou Antre Nan Kolèj pou Aprenan Plizyè Lang/Aprenan Lang Angle nan Leta New York. http://www.nysed.gov/bilingual-ed/roadmap-college
- Metsouli, chak biwo nan Depatman Edikasyon Leta New York la kreye plizyè resous pou sipòte paran. Pou ka jwenn lis ki gen tout biwo Depatman an, ale nan: http://www.nysed.gov/about/program-offices

# Konsèy sou Dènye Aksyon ki gen Rapò ak Imigrasyon

**Depatman Edikasyon Leta New York (NYSED) pran angajman pou l asire l lekòl nou yo rete yon refij kote tout elèv ka aprann an tout sekirite. NYSED ansanm ak Biwo Pwokirè Jeneral nan Leta New York la soumèt konsèy suivan yo pou pwoteje elèv ki se imigran yo.**

Enfòmasyon ki konsène kondisyon imigrasyon yo:

Selon Lwa sou Edikasyon nan Leta New York la, tout timoun ki gen plis pase senk lane epi mwens pase venteyen lane daj epi ki pako resevwa yon diplòm lekòl segondè gen dwa pou yal nan lekòl piblik nan distri lekòl kote yo
aj3E Td( )Tjek 575.397Erpp 575y9 699-2( 575.f.769 .3(r)-4.5( 575.397E)1)-2(e)-2-14(s)-04(ako)-7[(l)-r6(d)-4.4(i)-t2(g)-1.41i k 5

4. **Empire Justice Center (Yonkers, NY)**
   Lang: Angle, Panyòl, li itilize yon sèvis entèpretarya pa telefòn pou l tradui nan lòt lang.

8. **Hudson Valley Justice Center (White Plains, NY)**
   Lang: Angle, Panyòl
   19 Court St. Suite 400, White Plains, NY 10601
   Telefòn: (914) 308-3490
   https://hvjc.org/
   Li fòme asosyasyon ak òganizasyon lokal ki pa travay pou pwofi ansanm ak plizyè gwoup ki mobilize pou fè pwoblèm kritik yo avanse kòm paregzanp dwa pou vote, jistis nan milye travay, lojman ki a pri abòdab, ak edikasyon bileng.

9. **Immigration Justice Clinic at John Jay Legal Services, Inc. (White Plains, NY)**
   Lang: Angle, Kreyòl Ayisyen, Panyòl
   Telefòn: (914) 422-4333
   https://law.pace.edu/john-jay-legal-services
   Li ofri sèvis legal nan ka azil, defans pou yo pa depòte moun, ajisteman kondisyon imigrasyon, klasifikasyon espesyal pou jivenil imigran, asistans pou natiralizasyon, DACA, ak kondisyon pwoteksyon tanporè (TPS).

10. **Konbit Nèg Lakay, Inc. (Spring Valley, NY)**
    Lang: Angle, Kreyòl Ayisyen
    16 East Church St., Spring Valley, NY 10977
    Telefòn: (845) 425-4623
    http://www.konbitneglakay.com/home.aspx
    Li ofri pwogram kan dete ak pwogram edikatif apre lekòl pou jèn ayisyen yo, li bay kou Angle, kou enfòmatik, asosyasyon kominotè, sèvis imigrasyon epi li gen pwogram fòmasyon Asistan Enfimyè Sètifye (CNA).

11. **Legal Services of Hudson Valley (White Plains, NY)**
    Lang yo pale sou plas yo se: Panyòl, Pòtigè, Indi, Italyen, Alman, Franse ak Kreyòl Ayisyen. Gen lòt lang ki disponib atravè sèvis tradiksyon
    90 Maples Ave, White Plains, NY 10601
    Telefòn: (877) 574-8529
    https://www.lshv.org/
    Li bay konsèy gratis nan ka sivil pou fanmi ak moun ki gen revni ba e ki pa ka peye pou sèvis yon avoka.

**12. Mid-Hudson Migrant Education Program (New Paltz, NY)**

Lang: Angle, Panyòl
P.O. Box 250, New Paltz, NY 12561
Telefòn: (845) 257-2950
https://www.newpaltz.edu/meop/

Li ede travayè agrikòl sezonye ki kalifye yo ak tout pitit yo, avèk bezwen edikatif yo, nan konte Ulster, Dutchess, Orange, Putnam, Rockland ak Westchester. Pami sèvis yo gen sipò akademik nan lekòl, klas Angle ak GED pou granmoun, yon pwogram sansibilizasyon pou adolesan, defans, referans kominotè, pwogram lekòl dete, ak pworam "Migrant Even Start (Migran Demare nan Menm Nivo)".

**13. My Sisters' Place, Inc. (White Plains, NY)**

Lang: Angle, Panyòl, li itilize yon sèvis entèpretasyon pa telefòn ki ka tradui nan lòt lang
1 Water St., White Plains, NY 10601
Telefòn: (914) 683-1333
http://mspny.org/

**16. Neighbors Link Corp. (Mount Kisco, NY)**

Lang: Angle, Franse ak Panyòl

27 Columbus Ave., Mount Kisco, NY 10549

**20. Rockland 21st Century Collaborative for Children and Youth (West Nyack, NY)**

Lang: Angle, Panyòl
65 Parrott Road Building 10, West Nyack, NY 10994
Telefòn: (845) 627-5437
http://rockland21c.org/
Li rasanble diferan patnè nan kominote a pou l bay sèvis atravè Family Resource Centers nan lekòl yo. Pami sèvis yo bay yo gen pwogram devlopman pou timoun piti ak vizit adomisil, pwogram angajman familyal ak kominotè, pwogram devlopman elèv tankou èd pou alfabetizasyon, ak asistans pou fanmi; ak sèvis ki bay tradiksyon, enfòmasyon ak referans.

**21. Rockland Community Development Council (Monsey, NY)**

Lang: English, Ebre, Panyòl, Yidich
22 Main St., Monsey, NY 10952
Telefòn: (845) 352-1400
http://rocklandgov.com/departments/community-development/
Li ofri sèvis konsèy imigrasyon, asistans pou jwenn travay, pwogram ki baze sou dwa moun, pwogram pou granmoun aje, konsèy pou lojman, ak referans.

**23. Westchester Independent Living Center (White Plains, NY)**

Lang: Angle, Panyòl

10 County Center Rd. 2nd Floor, White Plains, NY 10607

Telefòn: (914) 682-3926

https://www.wilc.org

Li ofri sèvis bay moun tout laj ki gen tout kalite andikap nan Konte Westchester ak zòn anba Rejyon Hudson Valley. Li distribye enfòmasyon, li bay kou fòmasyon epi l bay referans pou lojman, benefis sante, asistans piblik ak lòt kou fòmasyon, pwogram edikatif ak pwogram defans.

**24. Westchester Institute for Human Development (Valhalla, NY)**

Lang: Angle, Panyòl

20 Plaza West, Valhalla, NY 10595

Telefòn: (914) 493-8150

https://www.wihd.org/

Li devlope e li bay yon gam sèvis medikal, klinik ak sèvis sipò pou moun, fanmi yo ak moun kap bay swen toupatou nan Konte Westchester County ak zòn anba Hudson Valley.

**25. Young Rhinebeck (CultureConnect) (Rhinebeck, NY)**

Lang: Angle, Panyòl

P.O. Box 590, Rhinebeck, NY 12572

Telefòn: (845) 379-4725

https://www.cultureconnectrbk.org/

yo)/Aprenan Plizyè Lang (MLL yo). Nan sitwèb la yo ofri règleman ak memorandòm ki ajou; epi yo ofri resous pou paran ak nimewo telefòn asistans pou fanmi elèv ELL/MLL nan lekòl New York yo.

**Òganizasyon Kominotè Toupatou nan Eta a**

**American Immigration Lawyers Association – New York Chapter**
[http://www.ailany.org/](http://www.ailany.org/)
American Immigration Lawyers Association se yon asosyasyon avoka ki pratike e ki anseye dwa sou imigrasyon. Yo reprezante dè dizèn de milye biznis ak endistri Ozetazini, etidyan etranje, atis, atlèt, ak moun kap mande azil, souvan sou baz pro bono (gratis).

**Asian American Federation**
[http://www.aafny.org/](http://www.aafny.org/)
Asian American Federation reprezante ajans sèvis kominotè rezo pàn-Azyatik nan zòn Nòdès la. Yo travay nan domèn rechèch, 0.001n Amaoe

# Remèsiman

Nou ta renmen remèsye patikilyèman tout moun ki te bay patisipasyon yo pou nou te ka kreye gid sa a.  Metsouli, nou apresye asistans enstitisyon suivan yo te bay:

Advocates for Children

Education Trust NY

Hispanic Federation

New York Immigration Coalition

Regional Bilingual Resource Networks (RBERNs)